Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2018 соналъул 24 август РУЗМАН
№ 35 (7523)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 8 гъурущ
12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Антитеррор**

## ТIинди тIобитIана АТКялъул данделъи




16 августалда ТIинди росулъ тIобитIана терроризмалде данде къеркьеялъул районалъул комиссиялъул нухмалъулев-районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовасул нухмалъиялда гъорк иргадулаб данделъи.

Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиев, районалъул прокурорасул ишал тIуралев Багьавудин ХIажиэминов, ФСБялъул отделениялъул нухмалъулев МухIамад Дибиров, МВДялъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Багьавудин Багьавудинов.

Данделъиялда хал гьаруна районалда цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъулъ ва байрам тIобитIулеб кьоялъ школазда ва гIемер гIадамал руссунел бакIазда жамгIияб хIинкъигьечIолъи ва цIаккеялдаса цIуни букIинабиялда сверухъ гьабулеб хIалтIул суал. Гьеб суалалда тIасан информация гьабуна МВДялъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Багьавудин Багьавудиновас ва райадминистрациялъул хIалтIухъан МухIамад Сиражудиновас.

Районалъул школазда 1 сентябралде бугеб хIадурлъиялъул бицунаго Багьавудин Багьавудиновас рехсана гьеб рахъалъ ругел киналго гIунгутIаби.

ГIемерисел школазда, анлъго школа хутIизегIан, рагIалде рахъун руго хIадурлъиялъул хIалтIаби.

ХутIараб анлъго школалда хIадурлъиялъулаб хIалтIи 25 августалде рагIалде бахъинабизе тIадкъан бугилан абуна Багьавудин Багьавудиновас. Гьединго гьес бицана гьеб суалалда сверухъ полициялъ гьабулеб хIалтIулги.

ЦIаккеялде данде гьарулел ва жеги гьаризе кколел тадбиразул хIакъалъулъ бицана МухIамад Сиражудиновас.

-ЦIияб цIалул сон байбихьиялда бан тIоритIулел байрамазда цIалдохъабазе ва гIадамазе хIинкъи гьечIолъи чIезаби ккола хIукуматалъул ва пачалихъалъул киналниги гIуцIабазда цебе чIараб кIвар бугеб суал, гьелдехун букIине кола нилъер щивасул цIодораб бербалагьи, жавабчилъи, кьойилаб хал гьаби»,-ян абуна, гьеб суалалда сверухъ жиндирго пикру загьир гьабулаго, районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас.

Гьес тIадкъана тIадал идарабазда гьеб суалалда сверухъ хIалтIи гIуцIизе ва гьелъие чIванкъотIараб заманги бихьизабуна.

Данделъиялда гьединго гIенеккана ТIинди росдал администрациялъул бетIер ХIусен МухIамадовасул росулъ терроризмалдегун экстремизмалде данде гьарулел профилактикиял тадбиразул хIакъалъулъ информация.



Гьоркьор лъурал суалазда тIасан кIалъаял гьаруна районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновас, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас, ТIинди росдал гьоркьохъеб школалъул директор АхIмад Мусаевас, районалъул прокурорасул ишал тIуралев Багьавудин ХIажиэминовас, ТIинди росдал больницаялъул врач ГIабдурахIманхIажи МухIамадовас ва росдал мажгиталъул имамасул ишал тIуралев МухIамад МухIамадовас.

Гьоркьор лъурал суалазда сверухъ данделъиялда рекъонккколел хIукмабиги къабул гьаруна.

**Социалияб хъулухъ**

## Инвалидазе баяналъе

Нилъеда киназдаго лъала РФялъул хIукуматалъ 2004 абилеб соналъул ахиралде щвезегIан рагъул инвалидазе, бакI-бакIалъулал (локальные) рагъазулъ гIахьаллъарал ветераназе, инвалидазе ва лъимал-инвалидазе чIезарун рукIана токалъул, газалъул, транспорталъулал хъулухъазе ва дарабазул рахъалъ бигьалъаби.




1995 соналъул 12 январалда бахъараб Федералияб Законалъ бихьизабун букIана ЕДВ (моцIрол гIарац) бачIизе кколел инвалидазул категорияби ва гьезие бачIулеб гIарцулаб къадар.

Гьел категориязде гъорлъе ккола кIудияб ВатIанияб рагъул инвалидал -5180,46 гъурущ; бакI-бакIазда (локалиял) ккарал рагъазулъ гIахьаллъарал ветеранал -2850,26 гъурущ; тIоцебесеб группаялъул инвалидал -3626,98 гъурущ; кIиабилеб группаялъул инвалидал -2590,24 гъурущ; лъабабилеб группаялъул инвалидал -2073,51 гъурущ; лъимер-инвалидал -2590,24 гъурущ.

1995 соналъул 24 ноябралда бахъараб Федералияб законалъ бихьизабун буго гьел церехун рехсарал категориябазе токалъул, газалъул, дарабазул ва автотранспорталъул хъулухъаллъул рахъалъ гьарулел бигьалъаби.

Бигьалъаби гьариялъул къагIидаби 2004 абилеб соналъул къоло кIиабилеб августалъ бахъараб Федералияб законалъ гьел киналго гIадамазе кумек гьабиялда хурхарал бигьалъаби хисинаруна гIарцудалъун. ГIадамазе бигьалъабазе кумек гьабулеб хъулухъалъулал идарабазда тIадкъан буго ЕДВ бачIулел категориябазе медициналъулаб, санаториябгун курорталъулаб ва траспорталъулал хъулухъал гьаризе. ЕДВ бачIулесул ихтияр буго социалияб кумек бищизе яги гьелде данде кколеб гIарцул къадар босизе. Гьеб гIарцул къадарги щибаб соналъ индексировать гьабула.

Социалияб кумек гьабулеб хъулухъалъул идараялъ ихтияр кьола гIарза кьун хадуб инвалидазе ЕДВ яги тIадехун рехсарал хъулухъал рищизе.

Гьел хъулухъалги ЕДВялде гъорлъе уна. ЕДВялдаса дарабазе гьорк ккола- 808 гъурущ, санаториябгун курорталъулаб сах гьариялъе-125 гъурущ, шагьаразда гьоркьосеб транспорталъулаб бухьеналъе-116 гъурущ. Гьоркьохъеб хIисабалда моцIрое ккол‍еб буго кинабниги 1050 гъурущ.

ЕДВ бачIулев инвалидасул ихтияр буго гьел хъулухъал тIаса рищизе яги тIубанго гьездасан инкар гьабизе,гьелъул хIакъалъулъ гIарза кьезе ккола гьаб соналъул тIоцебесеб октябралде. Кьураб гIарзаялда рекъон гьелъул хIалтIи байбихьула 2019 соналъул тIоцебесеб январалдаса нахъе. Цересел соназ гIадин гIарзаги щибаб соналъ кьезе кколаро, цебеккун бищараб къагIидаялдаса инкар гьабизе бокьани гурони.

**У. Сайпудинов,** пенсионный фондалъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев

# Августовское совещание-площадка для профессионального общения

**27 августа в Агвали состоится районная августовская педагогическая конференция на тему « Образование Цумадинского района: эффективность, доступность, качество»**

## Поздравление

Дорогие учащиеся! Уважаемые педагоги, работники образования и родители!

Искренне поздравляю вас с Днем знаний и началом нового учебного года! .

Первое сентября – замечательный праздник и особенный для каждого из нас день! Он неразрывно связан с новыми начинаниями и возможностями, массой ярких идей, смелыми экспериментами, радостными открытиями, постоянным поиском и верой в будущее. В День знаний школы Цумадинского района распахнут двери для 2415 школьников, впервые за школьные парты сядут **почти** 300 первоклассников.

Пусть жажда знаний, энергия и настойчивость помогут каждому из тех, кто войдет в класс, полноценно раскрыть свои способности и таланты, вырасти достойными гражданами России и родного района. Я верю, что каждый школьный предмет наполнит Вашу жизнь живительной влагой любви, доброты, великодушия. Уважаемые педагоги, вместе мы сможем преодолеть все сложности текущего момента!

Желаю всем, кто учится и учит, в новом учебном году радости, творческой деятельности, благополучия и здоровья!

**Муса Гарунов,** начальник управления образования

# Хорошие учителя создают хороших учеников

**Патимат Муртазалиева методист управления образования**

Работа методиста, по ее мнению– творческая и интересная, но весьма и весьма непростая.

Она координирует работу учителей английского языка, социальных педагогов и школьных психологов, руководит работой пресс-службы управления.



И это лишь малая часть того, что приходится делать Патимат Абасовне по долгу своей работы. Профессия методиста требует множества важных личностных качеств. Он должен быть организованным, творческим, инициативным и общительным. Всеми этими качествами и обладает она, постоянно находится в творческом поиске, находит и берет на вооружение все самое лучшее в сфере образования.

Патимат Абасовну ценят, любят и уважают в коллективе, знают ее как честного, порядочного, добросовестного, доброжелательного человека. За профессионализм и личный вклад в развитие образования района награждена Почетной Грамотой главы администрации муниципального района, присвоены звания «Почетный работник общего образования РФ» и «Отличник образования Республики Дагестан».



**Джалалов Магомед Русланович - директор Гимерсинской школы**

Можно сказать, что Гимерсинская школа с 2014 года для нашего молодого директора-это его жизнь, призвание и радость. С самого начала Магомед Русланович проявил мастерство и лучшие качества администратора. Он не боится трудностей, ответственности, стремится к осуществлению перспективных начинаний, при этом старается, чтобы лучшие традиции школы обязательно сохранялись.



* * *

**Насрудинова Батина Абдулкеримовна - учительница истории Нижнегакваринской школы**

Высокий профессионализм и требовательность к себе, постоянный творческий поиск нового, верность избранной профессии-характерные черты Батины Абдулкеримовны. Она принимает активное участие в школьных, районных мероприятиях. Ее ученики стали призерами республиканской олимпиады по истории Дагестана. Насрудинова пользуется авторитетом среди своих коллег, уважением родителей и любовью детей.

* * *

**Закарьяева Заидат Магдиевна- учительница начальных классов Хушетской школы**



Заидат Магдиевна начала трудовую деятельность в 2017 году Хушетской школе. Молодой педагог любит свое дело, сполна отдает себя работе, интересно и разнообразно проводит уроки. Всегда приветливая и неутомимая в работе Заидат пользуется любовью учеников и уважением коллег. Пожелаем ей удачи!



* * *

**Вахидов Муслим Магомедович- директор Гигатлинской школы**

Энергичность, деловитость, требовательность к себе и подчиненным – отличительные качества руководителя. Опыт его работы-это пример неустанного поиска, постоянного труда и совершенства. Директор школы стоит во главе сложного механизма, взаимодействуя с учениками, родителями и учителями одновременно. Стремитесь всегда вверх, и только вверх, Муслим Магомедович!

* * *

**Яхьяев Шамиль Касумович - директор Метрадинской школы.**

В последнее время кардинально изменились требования к современному директору образовательной организации. Теперь это менеджер, обладающий набором профессиональных качеств.

Так что, наш молодой коллега, директорский стаж, профессиональный опыт – это не столько благо, сколько трудное бремя. Но, коли уж выбор сделан – вперед! А дорогу осилит идущий!



## Новая школа к новому учебному году

К новому учебному году в селении Тинди планируется открыть новую школу на 320 ученических мест и спортивный зал.Строительство объектов в разные годы было приостановлено из-за отсутствия финансирования. В этом году возобновили строительные работы и они идут в режиме «нон-стоп». 1 сентября школа откроет двери тиндинским ученикам.



Коллективу Тиндинской школы во главе с директором Ахмедом Мусаевым желаем умных, творческих, талантливых учеников.

Пусть нелегкая работа педагога принесет как можно больше эмоционального удовлетворения, простого человеческого счастья, вдохновения, оптимизма, удачи, творческого поиска и новых побед!

**Пресс-служба управления образования**

# ГІахьвалаз районалъул юбилей кІодо гъабуна



18 августалда тІабигІат берцинаб кІаратІисезул рохьоб тІобитІана ГІахьвахъ районалъ 85 сон тІубаялъул байрам.

Байрамалда гІахьаллъана республикаялъул хІукуматалъул членал, районалъул бутІрул, машгьурал гІадамал ва гІемерал гьалбал.

Гьениб байрам баркиялъулаб кІалъай гьабуна нилъер районалъул бетІер АнвархІажи Вечедовас.

Тадбиралъе хасаб берцинлъи кьолеб букІана гІахьвалазул росабазул майданаз, миллияв богорукъаз. ТІубараб къоялъ гьенир унел рукІана республикаялъул районазул художествиял коллективазул церерахъинал ва спортивиял къецал.

Гъайбатаб ва берцинаб кІаратІисезул рохьоб рохалилаб ахІвал-хІалалда дандчІвана гьудулгьалмагъзаби, лъугьана цІиял лъай-хъваял, рекІелъ лъик1аб асаргун ана байрамалъулал тира-свериял.

**Сураталда:** МухІамад АхІмадов, АнвархІажи Вечедов, Зарема Бутаева ва Татьяна Гамалей.

**Гара-чІвари**

# Санайил щвезе бокьула гІагараб росулъе

МухІамад ГІабдулхабирович ГІабдулхабиров, Москваялда вугев тохтур-ортопед. Гьал къоязда гьев щвана нилъер районалде. Гьев санайилго щола гІагараб ракьалде, гьесизарула жинда ракІалда бугеб цо-цо иш гьабизе росу ва районцоял. Гьединлъидал пикру ккана МухІамадилгун гара-чІвари гьабизе.

**-Ассаламу гІалайкум, МухІамад, лъикІ щварав гІагараб ЦІумада районалде, Гьаквариве. Лъала дуца щибаб соналъ ВатІаналде сапар бухьулеблъи. Щиб гьельие гІилла кколеб?**

-Гьелъие гІилла ккола ВатІаналде бугеб рокьи. БацІцІадаб мугІрузул иццалда кІал чІван лъим гьекъезе щвейлъун рикІкІуна дица гьел сапарал.Диего ВатІаналде щвей бусурманчиясе хІаж гІадинан буго. Гьаниве санайил щвечІого, дир ракІ хІалхьуларо. Дунги вихьизе, дидаги рихьизе, чІамалазул, магІарул мацІги рагІизе, умумузул хабзалалъе, инсул, эбелалъул заназдеги кьулун зияраталдаги чІезе-гьеб буго дие рекІее парахалъи, гІаданлъи-чилъиялъулаб дару,гьеб буго дир рухІияб цІину.

**-Дуца хІисабалде босун букІараб «Ильатлъудда авалди» («Бесдаллъарал кулаби», «Осиротевшие хутора») исана рагІалде бахьана гІагараб росдал бегавул Рашид АхІмадовасул ва росдал гІолилазул кумекалдалъун. бесдаллъарал нусгоялдаса цІикІкІараб авалалъул цІар тІад хъварал мармаралъул кьоноги чІван, авалазе гІараси (памятникги) бана. Щиб гьелъул мурад? Цо-цояз абулеб буго, гІарасалъ щибин гьабилеб, авалал цІи гьаризе кколилан.**

-Гьебго къоялъ, 18 июлалъ МахІачхъалаялда букІана мугІрузда гІумру лъикІлъизабиялда хурхараб суал гьоркьоб лъураб данделъи. Цебеги букІана МугІрузул сон лъазабун. Щибха хисараб? Щибго хисичІо, кІалъаял рукІин гуреб. Гьаннжесалаги гьединго келадаян шаклъула дун.

Дир лъимерлъи ана Асатхе колода. Кулаби руго нилъер умумузул магІишатиял, захІматалъулал, гІаданлъиялъулал, тарихалъулал, гьобол-гьудуллъиялъулал кьалбал. Гьеб памятник рагьиялъул мурадги буго авалал цІигьариялде гІолилал ахІиги, нилъеца билизе тараб ракІалде щвезабиги, гьадин ургъел гьечІого нилъ ругони, билизе бегьулелъул пикру гьабизе тІамиги.

**-Авалал чІунтана. Гьел цІигьариялда хьулги буго нилъер. Июлалъул 14-15 къояз ГІанди ралъдахъ букІана авар мацІалъул мІугІалимзабазул руцІен. Нилъер росабалъа мугІалимзабиги гІахьаллъана гьенир. Дуе рес рекъечІищ гьенив гІахьаллъизе?**

-РекъечІо. Дун цІакъ рекІекъав вуго гьенив гІахьаллъизе щвечІолъиялдаса. Авар мацІалъул мугІалимзаби дида ккола жакъасел авар мацІ цІуниялъул муридзабилъун. Дун чІухІун вукІуна лъикІ магІарул мацІ бицунев чигун кІалъазе щведал.

**-Авар мацІалъул сагІтал школазда дагь гьарулел руго. Хьвай- хьвагІай бугеб мацІалдехунцин Дагъисталъул тІалъиялъул гьединаб бербалагьи бугеб мехалда, хьвай-хьвагІай гьечІел мацІал тІагІиналъе кІудияб хІинкъи гьечІищ?**

- Буго. Кутакалда хІинкъи буго. Дунялалда санайил тІагІуна гьитІинал миллатал, мацІал. Дица академик Дмитрий Лихачёвасухъе хьван букІана гьелъул хІакъалъулъ. Гьес мацІал цІунизе ккеялъул рахъ ккуна.

Нилъер ракьцояй ПатІимат Торолова ккола чІамалазулгІурус, тІиндадерил-гІурус словаралгІуцІарай гІадан. Гьелъ гьел словарал цогидаз гІуцІаразда тІасан хьвачІо. Жинцаго гІуцІана. Рихьизе ккола миллаталъе гІоло, мацІал цІуниялъе гІоло къеркьолел гІадамал. Гьелъие кьезе кколаан гІелмияб цІарги, Дагъистаналъулги, Россиялъулги Пачалихъазул премиябиги.

**-МухІамад, политикаялда хурхарал суалал дуе кьечІогоги рес гьечІо. Дуда лъала, бикьа-хъамиялъул гІайибги гІунтІизабун, Дагъистаналъул хІукуматулъул тІалъи, цо-цо министрал ккуна. Дуца Рамазан ГІабдулатІипов вачІиндал, гьесда божигун, «Время Рамазана» абураб тІехь хьвана, ва хадур нахьа гьесде данде «Осёл на сцене»,«Главный враг» абурал ва цогидалги интернет гьаргьазабурал макъалаби хьвана. Рамазан ана, цІияв Владимир Васильев витІун вачІана Москваялдаса. Гьел лъугьа-бахьиназда хурхун, щиб абилеб дуца?**

-Дагъистан тарихалъулъ кидаго букІинчІо гьабсагІат гІадинаб хІакъирабги гІодобегІанабги хІалалда. Гьеб ккола Рамазан ГІабдулатІиповасул коррупциялъул, гІемер гІадада кІалъаялъул, живго жинцаго вецциялъул, пахрулъиялъул, цогидазухъ гІенеккунгутІиялъул ва хІалтІулъ гьес риччалел рукІарал гьалатІазул хІасил.

**-МухІамад, варягаз (гьедин абулеб буго цо-цо СМИ ялъул алатаз гьезда) нухмалъи гьабулеб Дагъистаналъул букІинеселда дур хьул лъолищ?**

-Дие бокьун буго, Рамазан ГІабдулатІипов Дагъистаналде вачІиндал абураб гІадин, Владимир Васильев вичун восизе кІвезе гьечІилан. Ва гьелда хьулги буго. Жеги хьул буго гьезул рацІцІадаллъун гьабсагІат кколел планал гІумруялде рахьинилан. ТІоцебесеб Дагъистаналъул халкъазул съездалда, дие рагІи кьедал, МухІамадгІали МухІамадовасул заманалдаго дица абуна, дие щив Дагъистаналъул тІалъуда вугони ургъел гьечІин, Дагъистаналъеги гьелъул халкъалъеги гІоло гьев хІалтІулев вугебгІан мехалъ абун. ЧІаго нилъ руго-ни, ралагьила, бихьила.

**-Дур пикруялда, щайха дагъистаниязул тІалъуде ккарав щинав чи коррупционерлъун лъугьунев (нилъер тІалъуда рукІарал тІадгІаналлъун рукІарал чиновникал кквеялъ гьел гьединаллъун рукІараллъи бихьизабулеб буго)? Гьединабищха нилъер умумузулъанго бачІараб Дагъистаналъул халкъазул менталитет?**

- Гьеб буго бищун кІвар бугеб суал. Нилъер умумузул менталитет гуро гьеб. Цере чІезаре дол чІунтарал авалал. Доба умумуз бикьа-хъамун гуро гьабулеб букІараб магІишат, пинкьахарал квераз, некІсиял пурцаз гІуруги бегун гьабулеб букІана.

Россия дунялалдаго рикІкІуна бищунго цІогьоди цІикІкІараб улкалъун. ЦІогьодиялде данде керкьезе ккани, тІалъуда вукІине кколин жиндирго эменги вацги жанив лъезе хІадурав чийилан абуна Сигапуралъул президент Ли Сяньлуница (ХІалима Якъубица).

Дица Владимир Путинихъе хьвана дагъистаниязда цІогьодизе кІоларин, гьез Кремлялъул гьундузде кьандалъабаз гІарац щвезабулеб букІинчІебаниян. Мун гІайибияв вугин Дагъистаналда кколеб квешабщиналъе, щай гурелъул дуца лъурал чагІаз нухмалъи гьабулеб бугин мун тІалъуде вчІаралдаса 18 соналъ Дагъистаналъеян. БитІухъе абуни, тІад вугес бикьичІони, яги гьес бикьизе рес кьечІони, гьоркь вугесги бикьуларо. Цо рахьалъан цІогьодарал бутІрул ккелел руго, гьеб лъикІаб гІаламатищ, квешаб гІаламатищ, чІаго хутІани, нилъеда бихьилаха.

**- Россиялъул, гьелдаго гьорлъ Дагъистаналъул ахиркъадги лъикІаб букІинеселда божилищ мун?**

- Гьай-гьай божула. Хьул хола ахиралда. Дагъистаналдаги Россиялдаги гІемер руго махщелги бажариги бугел гІадамал, жедеца бажарун иш цебе бачине кІолел, рацІцІадал, кверал чорокльизе риччачІел. Гьединазда мугъги чІван тІалъи хІалтІани, улкаги регионалги цере тІела, гьечІони, улка коррупциялъул хьуцІикьги кьан букІине буго. Босе жив Сахалиналда вугониги АгІвалиса МухІамадов ГІалил вас МухІамадица Болъихь-ЦІумада районал рикьуда, нилъер районалде рачІунезда район байбихьулеб бакІги лъазе, гьельул гьумерги рагьизе балеб бакІ. Гьединал чагІи гІемерлъаги нилъер.

**-Дуе Россиялъул БагІараб Хъанчалъ кьун буго шапакъат. Сундухъ щвараб шапакъат дуе?**

- Николай Иванович Пирогов гьавуралдаса 200 сон тІубаялда бан СалтІа бараб памятникалъухъ Дагъистаналъул пачалихъалъул премия щварал диеги СалтІаса ГІумар ХІажиевасеги кьуна гьеб шапакъат Россиялъул БагІараб Хъанчалъ 150 сон тІубаялда бан Москваялда тІобитІараб халкъазда гьоркьосеб конференциялда. ГьитІинаб ВатІан тун хадув киве щвезе ракІалда бугеб?

**-Мун вуго рухІияб рахьги борхатго ккурав, абизе ккараб рагІи тІалъуда вугев гьудуласдацин хьачІгоги абизе нахъе кьаларев чи. Гьудулзабазулгун бухьенал тІеялдаса рекІекълъуларищ мун?**

-Щивго чи вукІунаро киназего вокьулевлъун. Руго диргун пикру данде кколелги кколарелги. Дун кьеркьана тІалъуда вугев гьудуласеги гьудул гуресеги бетІер кьуличІого хьвадизе. Дида лъалаан Даниялдасдаса байбихьун ГІабдулатІиповасде щвезегІан киналго Дагъистаналъул нухмалъулел. Гьезул цогиясе дица наку чІвачІо, хІеличІо, гьездаса жоги гьаричІо. Бугелда бугин абуна, гьечІелда гьечІин абуна. Диего гІоло гуро, гІицІго нилъер росабазе, районалъе, Дагъистаналъе, гьелъул цебетІеялъе гІоло абуна.

**Гара-чІвари гьабуна**
**МухІамадзакир Абулмуслимовас.**

«Редакция газеты «Цlумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СаГIадулаевич

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Корреспондентазул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цlумада район, Агъвали росу.

**Газета гIуцIараб:** «Цlумада район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель:** Администрация МР «Цумадинский район»

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета кьватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизару-рал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газетальул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2140 Заказ ---

Графикалда рекьон газета кьватIибе биччазе гьулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гьулбасана 16 с. 45 мин.

Газетальул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Колонка прокурора

### При смене фамилии необходимо заменить водительское удостоверение



В соответствии с пунктом 29 постановления Правительства Российской Федерации от 24.10.2017 № 1097 «О допуске к управлению транспортными средствами» выдача российского национального водительского удостоверения взамен ранее выданного производится при изменении содержащихся в нем персональных данных его владельца.

Прежнее водительское удостоверение в такой ситуации считается недействительным. К таким случаям относится смена фамилии, например, в связи с вступлением в брак.

Для получения нового водительского удостоверения не потребуется сдавать экзамены и проходить медицинское освидетельствование (вернее, оно может быть пройдено по желанию водителя). Однако срок действия водительского удостоверения не продлевается, он остается таким же, который указан в подлежащем обмену документе.

Документы, необходимые для замены «прав»: заявление; паспорт или иной документ, удостоверяющий личность; документ, подтверждающий смену фамилии; национальное водительское удостоверение; квитанция об оплате государственной пошлины.

При выдаче нового водительского удостоверения в него переносятся отметки и записи, содержащиеся в ранее выданном водительском удостоверении.

Напомним, что за управление транспортным средством с водительским удостоверением, в котором указана прежняя фамилия, граждане могут быть привлечены к административной ответственности по части 1 статьи 12.7 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях в виде штрафа в размере до 15 тыс. руб.

Транспортное средство при этом может быть задержано, а водитель - отстранен от управления.

**Ильяс Вакилов**, прокурор района

## Бесплатное цифровое эфирное телевидение доступно каждому

Для перевода сетей телерадиовещания на цифровые технологии в России проводится федеральная целевая программа «Развитие телерадиовещания в Российской Федерации на 2009-2018 годы».

Сегодня жители Республики Дагестан могут бесплатно смотреть цифровое эфирное телевидение. Во всех населенных пунктах региона доступны в отличном качестве 10 программ пакета цифровых телеканалов РТРС-1 (первый мультиплекс): «Первый канал», «Россия 1», «Матч ТВ», НТВ, «Петербург-5 канал» «Россия К», «Россия 24». «Карусель», «Общественное телевидение России», «ТВ Центр», а также три радиоканала: «Вести ФМ», «Маяк» и «Радио России». В городах, с населением + 100тыс.чел. СТС, ТНТ, РенТВ, Пятница, Спас, Домашний, Звезда, ТВ3, Мир, МузТВ.

К концу 2018 года уже все жители Дагестана получат возможность принимать и мультиплекс РТРС-2 (СТС, ТНТ, РенТВ, Пятница, Спас, Домашний, Звезда, ТВ3, Мир, МузТВ).

Цифровое эфирное телевидение - это новый этап развития телевидения во всем мире, который приходит на смену аналоговому телевещанию. Аналоговое телевидение значительно уступает цифровому в качестве картинки и звука и при этом требует большого частотного ресурса. Поэтому, дальнейшее развитие «аналога» технически и экономически нецелесообразно. С 2018 года «аналог» будет постепенно вытесняться «цифрой» вплоть до полного отключения, как это уже сделано во многих странах мира. В отличие от пользователей сетей кабельных и спутниковых операторов зрители цифрового эфирного телевидения не платят абонентскую плату за телепросмотр.

В Республике Дагестан строительством и эксплуатацией цифровой эфирной телевизионной сети занимается филиал РТРС «РТПЦ Республики Дагестан». Цифровое эфирное вещание осуществляется с включением в каналы «Россия 1», «Россия 24» и «Радио России» в составе первого мультиплекса региональных программ ГТРК «Дагестан». Это позволяет жителям региона быть в курсе местных новостей.

Для приема бесплатного цифрового эфирного телевидения достаточно приобрести антенну дециметрового диапазона (коллективную или индивидуальную, наружную или комнатную - в зависимости от условий проживания). Большинство современных телевизоров поддерживают стандарт вещания DVB-T2, в котором транслируются бесплатные мультиплексы. Если телевизор старого образца, потребуется дополнительно установить специальную цифровую приставку. Приобретение пользовательского оборудования для приема цифрового эфирного сигнала - разовая процедура. Стоимость дециметровой антенны начинается от 300 рублей, цифровой приставки - от 700 рублей. Антенну, приставку и соединительный антенный кабель можно приобрести в магазинах, торгующих электроникой.

**Шамиль Закарьяев**

## РакIчIараб бергьенлъи



Араб шамат къоялъ ГIахьвахъ районалъ 85 сон тIубаялда хурхун КIаратIа росдал рохьор тIоритIарал спортивиял къецазулъ гIахьаллъарав ТIадгьаквариса МухIамад ХIасбулаевасе гамачI рехун ва халалъухъе кIанцIун щвана тIоцебесеб бакI.

Баркула МухIамадида бергьенлъи!

## Адабият

### МухIамад Рамазановасул «Бигъараб сапар» тIохьодасан «Аваданаб годекIан» бутIаялдаса цо-цо асарал

#### ЩИБАГИ МАЛЪУЛЕБ

ГIандиса гьоболгун цадахъ инсуца дун витIана мадугьалихь бугеб росулъе. Ниж тIаде ккана битIун кIиго чIужугIадан шавкъалда хьандолеб мехалъ. Гьезул цояй ийкIана годекIан бакьулъ, цогидай - гьанихун балагьараб борхатаб тIохда. Гьезул хьандей букIана дида лъалеб, амма гьоболасда бичIчIулареб мацIалъ. ТIохда йигей гIаданалъ, цояб кверальъ жиндирго кьалалги ккун, цояб рукь гьоркьосан цебе-нахъе хIалеб букIана. Гьоркьехун йигельин абуни, цIиналда гьоркьегIан бихххун кверги ккун, зоб-ракьалда батаращинаб рагIи цIалкIулеб букIана. ГIечIельуб бацIине, кIиязго кьурдул свериги бахъулеб букIана. Балагьун бугеб халкъалъул гIемерисез гIинзунир килщал кьазарун рукIана.

-Мағамади, гьей аданаль меэрги ккун гьоркьосан гьеж гьалтIизабиялъул маъна щиб?- ан гьикьана цинтIаго гьоболас дида.

-Лъаларо,- ян жаваб кьуна дица.

-Школалда щибаги нужеда малъулеб? Безграматный чи раулаха мун,- ан лъугIизабуна гьес.

#### КУКИШ

Унеб букIана гIурус литератураялъул дарс. Малъулеб букIана А.Гайдарил «Тимур ва гьесул команда» абураб асар.

-Кавабазда кукишальул суратал рахьулел рукIун руго цояб кьукьаялъ, щиб ко гьеб кукиш? - ан гьикьана Халисатица.

-Сурукъ гьабун букьараб бергьучI-зар буго, - ян баян гьабуна мугIалимас.

-Кин гьеб сурукъ гьабун? - ан нахъойги бачIана суал.

МугIалимас доскаялда кукишальул кIудияб сурат бахьана ва лъималазухъ балагьана. Гьезул цоял гьимана, цогидал руцIухIун чIана.

-Гьебни лъалебго жо букIун буго. ГIажаибльизе хIужа гьечIо. Мадугьалалъ, ХьистIаман-кIодоца жиндирго дурцасул гьурмада цебе гIемер ххенезабула гьеб кукиш «Ма дуе!» - янги ахIулаго,- ян, байбихьарабго гIадин, лъугIизабуна Халисатица.

#### АДАБГЬЕЧI

КIитIи-Рамазан БацI- МухIамадидаса гIемерго кIудияв вукIана. БацIиласул бетIер, кидаго гIаздал цIун букIунеб ЖанкимегIералъул тIогь гIадин, хьахIлъун букIана. КIитIиласул, кьинтIури гIадин, жеги чIегIерго букIана.

Цо нухалъ гьал сапаралъ цадахъ ккун руго. Машина дандеккедал БацI-МухIамад расаялъуве тIаде вахун вуго, КIитIи-Рамазан кабинаялъув щулалъун вуго. Гьеб параялъ шофер Рамазаниде ахIтIон вуго: «Нечоларищ мун, дов кIудияв чиги нахъе гьун, гьанив тамахаб бакIалда вукIине? Вахъая кьватIиве, адабгьечI, ахIея кIудияв жаниве!» - ян.

Гьедин кIияцаго бакIал хисизе ккун руго.